

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÈKOMÈNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan Èfèktivitas Mèdia Komik dina Pangajaran Maca Pamahaman Dongèng Siswa Kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh maca pamahaman siswa kelas X-2 samèmèh pangajaran maca ngagunakeun Mèdia Komik nya èta acan mampuh (6,03). Sedengkeun kamampuh maca pamahaman dongèng siswa kelas X-2 saenggeus pangajaran maca ngagunakeun Mèdia Komik nya èta geus mampuh (6,6).
- 2) Aya bèda anu signifikan kamampuh maca pamahaman siswa kelas X-2 samèmèh jeung saenggeus pangajaran maca ngagunakeun Mèdia Komik. Siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung samèmèh ngagunakeun Mèdia Komik nya èta 42,5% siswa geus mampuh, jeung 57,5% siswa acan mampuh maca pamahaman dongèng. Saenggeus dilarapkeun Mèdia Komik, kamampuh siswa ngalaman paningkatan, nya èta siswa anu mampuh maca pamahaman dongèng 62,5%, jeung 37,5% siswa acan mampuh maca pamahaman dongèng.
- 3) Mèdia Komik bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung dina maca pamahaman dongèng. Ieu hal dumasar kana paningkatan pamahaman siswa kana unsur-unsur eusi carita dongèng, aspèk anu tadina ditafsirkeun acan ampuh, ningkat jadi mampuh nya èta:

(1) pamahaman kana unsur tèma ngalaman parobahan anu tadina 1,475 naèk jadi 1,8; (2) pamahaman kana unsur galur naèk tina 2,325 jadi 2,6. Aspèk anu tadina geus ditafsirkeun mampuh ogè ngalaman paningkatan, nya èta: (1) pamahaman kana unsur palaku atawa tokoh ngalaman parobahan anu tadina 3,075 jadi 3,15; jeung (2) pamahaman kana unsur latar naèk tina 2,175 jadi 2,35. Sajaba ti èta, hasil $t_{itung} 12,68 > t_{tabel} 2,62$.

5.2 Rèkomèndasi

Tina hasil panalungtikan anu geus kapaluruh, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun sangkan kamampuh maca pamahaman dongèng siswa kelas X-2 bisa ngaronjat, diantarana:

- 1) Mèdia Komik anu geus kabukti èfèktif dina ningkatkeun kamampuh maca pamahaman dongèng siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung. Ku kituna Mèdia Komik bisa digunakeun ogè ku guru mata pelajaran pikeun ngaronjatkeun kompetènsi pangajaran maca liana.
- 2) Mèdia Komik bisa dijadikeun salah sahiji alternatif mèdia pangajaran maca pamahaman.
- 3) Dina pangajaran maca ngagunakeun Mèdia Komik, diusahakeun kudu nèangan komik anu saluyu jeung umur siswa lantaran aya komik anu eusina heunteu luyu jeung tingkat umur siswa.
- 4) Perlu diayakeun deui panalungtikan anu ambahanana leuwih lega sangkan meunangkeun kacindekan anu leuwih otèntik sarta bisa digunakeun di sakabèh kelas.